**Pou Piblikasyon Imedya:** 18/10/2020 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YO PÈMÈT KONPLÈKS OTÈL ESKI YO RE-OUVRI AK 50 POUSAN KAPASITE ENTERYÈ YO K'AP KÒMANSE 6 NOVANM**

***Mask obligatwa lè yo p'ap manje, bwè oswa fè eski, yo limite asansè yo pou manm yo nan menm pati a, netwayaj ak dezenfeksyon konplè nan ekipman yo lwe ak lòt pwotokòl sante ak sekirite yo obligatwa***

***Pousantaj pozitivite nan tout eta a se 1.08 pousan***

***Pousantaj tès pozitif nan zòn sansib yo se 3.19 pousan; Pozitivite Eta New York san espas entèvansyon nan zòn wouj yo pa ladan se 1.0 pousan***

***7 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè***

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse ke konplèks otèl eski yo ka re-ouvri ak 50 pousan kapasite enteryè yo ak pwotokòl sante ak sekirite estrik anba konsèy eta pibliye apati vandredi 6 novanm.

"Syantis yo te deja di nou ke viris la pral vin pi agresif nan sezon otòn lan, e kounye a, nou tout santi nou fatige ak COVID, men estrateji mikwo regwoupman nou an se yon estrateji ki entelijan, baze sou done ak yon estrateji ki mwens deranje pou ede nou travèse sezon sa a. Epi jiska prezan, done yo montre estrateji mikwo regwoupman ap travay pou bese to enfeksyon an nan espas zòn wouj nou yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Apati mwa k'ap vini la a, yo pral pèmèt konplèks otèl eski yo re-ouvri ak kapasite enteryè limite, ki pral pèmèt Nouyòkè yo gen kèk aktivite aleksteryè ivè sa a san yo pa bezwen antre an karantèn lè yo tounen."

Konsèy Eta a sou re-ouvèti konplèks otèl eski yo gen ladan prekosyon sa yo:

- Mask obligatwa toutan, eksepte lè y'ap manje/bwè oswa fè eski.
- Yo egzije distans sosyal ant pati yo tout tan.
- Mete restriksyon sou gondòl/asansè a manm nan menm pati a.
- Limite leson eski pou pa gen plis pase 10 moun.
- Netwayaj ak dezenfeksyon solid nan ekipman yo pataje/lwe.
- Sèvis bis, manje & bwason, sèvis vant an detay dwe konfòme yo avèk konsèy Eta a pibliye a.
- Diminye kapasite aleksteryè sou mòn a 25% pandan jou "chaje" yo oswa si plizyè santye fèmen akòz kondisyon inabityèl yo.

Gouvènè a te bay tou Nouyòkè yo mizajou sou repons Eta a fas ak COVID-19 la. Nan espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo nan kad Inisyativ Aksyon Regwoupman Gouvènè a, pousantaj pozitif pou rezilta tès yo te rapòte yè yo se 3.19 pousan - ki desann sòti nan 4.34 nan jou anvan an.

Nan espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo, yo te rapòte 4,642 rezilta tès yè, sa ki te bay 148 pozitif oswa yon to pozitivite 3.19 pousan. Nan rès Eta a, san konte espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo, yo te rapòte 124,121 rezilta tès, sa ki te bay 1242 pozitif oswa yon to pozitivite 1.00 pousan. Pousantaj pozitivite jeneral Eta a se 1.08 pousan avèk espas entèvansyon yo ladan. Espas entèvansyon nan "Zòn Wouj" yo genyen 2.8 pousan popilasyon Eta a poutan yo te genyen 10.6 pousan tout rezilta tès pozitif yo te repòte bay Eta a yè, epi 11.5 pousan tout rezilta ka yo te repòte bay Eta a semèn pase a.

| ZÒN ENTÈVANSYON | 27/9 - 3/10 % Pozitif | 04/10-10/10 % Pozitif | Semèn jiska dat (11/10 - 17/10) | Jou anvan (16/10) % Pozitif | % Pozitif yè (17/10) |
|---|---|---|---|---|---|
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Brooklyn yo | 6,69% | 5,86% | 5,29% | 4,92% | 4,92% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Queens yo | 2,97% | 3,36% | 2,37% | 2,39% | 1,89% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan % zòn wouj Rockland yo | 12,29% | 9,77% | 4,54% | 5,05% | 2,22% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan zòn wouj Orange yo | 24,64% | 12,41% | 4,62% | 6,47% | 1,04% |
| % Pozitif espas entèvansyon nan tout zòn wouj yo | 6,91% | 6,13% | 4,42% | 4,34% | 3,19% |
| % Pozitif nan tout Eta a avèk espas entèvansyon nan zòn wouj yo ladan | 1,25% | 1,18% | 1,16% | 1,11% | 1,08% |
| % Pozitif nan tout Eta a san espas entèvansyon nan zòn wouj yo pa ladan | 1,02% | 1,01% | 1,06% | 1,02% | 1,00% |

| | 27/09-03/10 | 04/10-10/10 | Semèn jiska dat (10/11 - 10/17) | Jou anvan (16/10) | Yè (17/10) |
|---|---|---|---|---|---|
| Pousantaj ka pozitif Eta a ki soti nan espas entèvansyon zòn wouj yo | 21,8% | 17,6% | 11,5% | 10,5% | 10,6% |

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 913 (-16)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 118
- **Lopital Konte yo** - 42
- **Kantite ICU** - 200 (+5)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 102 (-1)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 78,362 (+127)
- **Kantite Lanmò** - 7
- **Kantite Lanmò Total** - 25,644

Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| REJYON | JEDI | VANDREDI | SAMDI |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 0.7% | 0.6% | 0.9% |
| Central New York | 1.2% | 0.7% | 1.2% |
| Finger Lakes | 1.5% | 0.9% | 1.3% |
| Long Island | 1.1% | 1.0% | 1.1% |
| Mid-Hudson | 1.8% | 1.6% | 1.4% |
| Mohawk Valley | 0.3% | 0.3% | 0.3% |
| New York City | 1.2% | 1.2% | 1.1% |
| North Country | 0.5% | 0.3% | 0.7% |
| Southern Tier | 1.6% | 1.4% | 0.9% |
| Western New York | 1.4% | 1.4% | 1.6% |

Pousantaj rezilta tès pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

| MINISIPALITE | JEDI | VANDREDI | SAMDI |
|---|---|---|---|
| Bronx | 1.60% | 1.20% | 1.5% |
| Brooklyn | 1.40% | 1.50% | 1.5% |
| Manhattan | 0.70% | 0.70% | 0.6% |
| Queens | 1.20% | 1.30% | 0.9% |
| Staten Island | 1.40% | 1.40% | 1.4% |

Nan total 484,281 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 3,416 | 18 |
| Allegany | 205 | 5 |
| Broome | 2,896 | 52 |
| Cattaraugus | 403 | 4 |
| Cayuga | 289 | 5 |
| Chautauqua | 796 | 7 |

| | | |
|---|---|---|
| Chemung | 1,244 | 45 |
| Chenango | 313 | 9 |
| Clinton | 197 | 5 |
| Columbia | 647 | 6 |
| Cortland | 406 | 7 |
| Delaware | 159 | 0 |
| Dutchess | 5,328 | 10 |
| Erie | 12,451 | 58 |
| Essex | 192 | 2 |
| Franklin | 77 | 0 |
| Fulton | 359 | 1 |
| Genesee | 371 | 0 |
| Greene | 472 | 7 |
| Hamilton | 16 | 0 |
| Herkimer | 370 | 2 |
| Jefferson | 188 | 2 |
| Lewis | 56 | 1 |
| Livingston | 239 | 0 |
| Madison | 533 | 2 |
| Monroe | 6,707 | 36 |
| Montgomery | 254 | 0 |
| Nassau | 48,596 | 102 |
| Niagara | 1,958 | 12 |
| NYC | 254,352 | 612 |
| Oneida | 2,593 | 7 |
| Onondaga | 5,011 | 34 |
| Ontario | 576 | 17 |
| Orange | 13,169 | 30 |
| Orleans | 362 | 2 |
| Oswego | 584 | 2 |
| Otsego | 364 | 0 |
| Putnam | 1,736 | 5 |
| Rensselaer | 1,027 | 6 |
| Rockland | 17,171 | 46 |
| Saratoga | 1,207 | 5 |
| Schenectady | 1,498 | 7 |
| Schoharie | 100 | 0 |
| Schuyler | 88 | 2 |
| Seneca | 127 | 1 |
| St. Lawrence | 358 | 3 |
| Steuben | 857 | 10 |
| Suffolk | 48,029 | 88 |

| | | |
|---|---|---|
| Sullivan | 1,675 | 1 |
| Tioga | 435 | 11 |
| Tompkins | 540 | 6 |
| Ulster | 2,411 | 9 |
| Warren | 438 | 1 |
| Washington | 326 | 0 |
| Wayne | 379 | 2 |
| Westchester | 39,476 | 78 |
| Wyoming | 166 | 3 |
| Yates | 88 | 4 |

Yè, te gen 7 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,644. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

| **Ka lanmò yo dapre konte rezidans** | |
|---|---|
| **Konte** | **Nouvo ka lanmò yo** |
| Bronx | 1 |
| Chemung | 1 |
| Erie | 1 |
| Manhattan | 2 |
| Queens | 1 |
| Westchester | 1 |

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

ANILE ENSKRIPSYON OU